

LÈ W AP CHWAZI : JAN POU W JWENN YON LEKÒL SEGONDÈ KI BON POU OU Yon Gid pou elèv Edikasyon espesyal k ap resevwa sèvis

Nou pran enfòmasyon n ap bay la nan "Elèv ki gen andikap k ap mande administrasyon lekòl segondè : Kesyon moun poze souvan *Frequently asked questions (FAQs) pou ane akademik 2008/09.*" Ou ka jwenn dokiman konplè a, ansanm ak tradiksyon yo nan : <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources>

APESI

Elèv ki gen andikap patisipe nan Pwoesis Admisyon nan lekòl segondè menm jan avèk konpay klas yo ki pa gen andikap. Desizyon sa a aplikab pou tout elèv ki gen yon plan endividyèl pou edikasyon *Individualized Education Program (IEP)* ke yo rekòmande patisipe nan pwogram yon lokal lekòl regilye. Yo mete elèv yo rekòmande fè klas segondè nan yon pwogram espesyalize Distri 75 oswa nan yon pwogram lekòl prive Eta Nouyòk apwouve ki ofri elèv ki gen andikap sèvis, nan yon lekòl atravè yon pwoesis apa.

Elèv ki gen andikap, k ap benefisye menm kondisyon pou kalifikasyon ak elèv ki pa gen andikap, ka aplike nan tout lekòl oswa pwogram ki site nan Anyè lekòl segondè nan Vil Nouyòk. Elèv ki gen andikap ka pran Egzamen admisyon nan lekòl segondè espesyalize *Specialized High Schools Admissions Test (SHSATO)*, e ka aplike pou tout pwogram odisyon, paegzanp *Fiorello H. LaGuardia High School of Music & Art and Performing Arts*, ki se yon lekòl segondè espesyalize.

SEVIS NAN LEKOL SEGONDE ANKONPAREZON AK SEVIS NAN LEKOL PRESEGONDE

Nan nivo klas segondè, pitit ou a ka resevwa yon seri diferan modèl sèvis pou diferan matyè oswa pitit ou a ka nan pwogram regilye a pou divès matyè lè l apwopriye. Tout melanj modèl sèvis ka apwopriye pou diferan matyè. Y ap dekri enfòmasyon sa a nan IEP pitit ou a. Elèv k ap resevwa enstriksyon yon gwoup pwofesè k ap kolabore *Collaborative Team Teaching (CTT)*, oswa sèvis klas espesyal pa toujou objije swiv klas ansanm pou chak peryòd nan jounen an.

Li enpòtan pou w panse osijè sa w vize pou pitit ou a apre klas segondè ak tip diplòm li espere pran. Nan IEP a yo dwe endike sipò ak sèvis Edikasyon espesyal ke elèv la bezwen pou l reyalize sa l vize kòm diplòm. Li enpòtan tou pou w sonje ke patisipasyon pitit ou a nan kourikoulòm edikasyon jeneral la ak patisipasyon l nan egzamen Eta yo gen enpak sou diplòm pitit ou a vize pran. Elèv ki gen andikap dwe satisfè kritè Eta Nouyòk tabli pou pran yon diplòm (Al gade pi ba a).

TRANZISYON POU SOTI NAN DISTRI 75 POU ALE NAN LEKOL SEGONDE KOMINOTE

Gen elèv ki nan lekòl presegondè Distri 75 k ap prepare pou fè tranzisyon pou ale nan yon lekòl segondè kominotè. Elèv sa yo dwe patisipe nan pwoesis Admisyon nan lekòl segondè. Men, anvan yo ale nan lekòl segondè kominotè a, elèv sa yo ap bezwen gen yon reyinyon IEP pou mete anplas yon nouvo IEP ki rekòmande sèvis edikasyon espesyal nan yon lekòl segondè kominotè. Li enpòtan pou w pale avèk sikològ lekòl la, pwofesè elèv la, ak tout komite IEP a pou diskite si yon pwogram lekòl kominotè apwopriye pou pitit ou a.

BEZWEN PWOGAM DISTRI 75 ELEV AP KONTINYE GENYEN

Elèv nan pwogram lekòl presegondè Distri 75 ki kontinye bezwen pwogram Distri 75 pa patisipe nan Pwoesis Admisyon nan lekòl segondè. Lekòl Distri 75 yo ye a avize yo osijè kote yo prale nan klas segondè nan mwa Me oswa Jen. Elèv nan pwogram *inclusion* Distri 75 k ap rete nan pwogram *inclusion* Distri 75 ap patisipe nan yon pwoesis aplikasyon Distri 75 fè pou pwogram *inclusion* lekòl segondè. Lekòl Distri 75 yo bay aplikasyon yo, epi elèv yo dwe remèt yo an Desanm. Y ap avize w osijè lekòl yo mete pitit ou a odebi prentan.

PWOSESIS ADMISYON NAN LEKOL SEGONDE POU ELEV KI GEN YON IEP

Aplikasyon elèv ka endike enfòmasyon osijè sèvis edikasyon espesyal l ap resevwa ansanm ak done sou prezans elèv la nan klas 7^{yèm} ane, nòt nan egzamen ofisyèl lekti ak matematik, epi nòt li fè pou matyè yo.

Ou ka chèche konnen ki lekòl gen pwogram ak sèvis pitit ou a bezwen lè w pale avèk konseye pedagogik pitit ou a, nan Anyè lekòl segondè, nan fwa lekòl segondè yo ak nan seminè pou paran. Koòdonatè paran, direktè/direktris, asistan direktè/direktris, *open house* lekòl yo òganize ak sit wèb DOE a ka founi tou enfòmasyon itil.

Elèv ki gen bezwen espesyal ka aplike nan nenpòt lekòl segondè, epi lekòl yo sipoze mete anplas zouti sipò onivo edikasyon espesyal pou tout elèv ke yo adapte ak yon lekòl. Men, tout modèl pou bay sèvis (paegzanp Klas espesyal) pa p disponib nan tout lekòl yo. Depi yo aksepte yon elèv nan yon lekòl segondè, komite IEP nan lekòl la ka konvoke yon

reyinyon, pandan 30 jou apati premye jou lekòl la, pou mete sou pye yon IEP k ap rekòmande yon modèl pou l ofri sèvis ki pou satisfè bezwen pitit ou a pou edikasyon espesyal nan lekòl sa a.

KONDISYON POU PRAN DIPLOM LAN

Ou dwe kòmanse diskite avèk pitit ou a osijè objektif li pou lekòl segondè ak sèvis edikasyon espesyal li bezwen pandan revizyon anyèl y pa fè pandan l nan lekòl presegondè. IEP pitit ou a dwe gen ladan l objektif apwopriye apre lekòl segondè depi l gen laj 15 lane oswa anvan sa (si l apwopriye). Lè sa a, ou dwe panse tou, epi diskite avèk moun nan pèsònèl lekòl la osijè tip diplòm pitit ou a ka pran, ki ka yonn nan sa yo :

Tip diplòm	Kondisyon	Opsyon apre lekòl segondè
Regents avanse	Minimòm 44 kredi; Pase 8 egzamen <i>Regents</i> avèk yon nòt 65% oswa pi wo	4-ane kolèj/inivèsite; djòb konpetitif, sèvis militè
Regents	Minimòm 44 kredi; Pase 5 egzamen <i>Regents</i> avèk yon nòt 65% oswa pi wo	4-ane kolèj/inivèsite; djòb konpetitif, sèvis militè
Lokal	Minimòm 44 kredi; Pase 5 egzamen <i>Regents</i> oswa egzamen pou detèmine konpetans nan <i>Regents</i>	4-ane kolèj/inivèsite; djòb konpetitif, sèvis militè
IEP	Atenn objektif edikatif yo espesifye nan IEP a	Pa akseptab pou kèk tip djòb, kolèj oswa sèvis militè

AKSE POU MOUN KI GEN KAPASITE LIMITE POU DEPLASE

Yon lokal ki gen aksè pou chèn woulant se yon lokal kote pa gen okenn obstak oswa kote yo retire yo pou pèmèt elèv ki gen kapasite limite pou deplase gen aksè nan pwogram ak aktivite. Gen e lokal ki gen aksè total pou chèn woulant ak lokal ki gen aksè limite pou chèn woulant. Nou site lokal ki gen aksè pou chèn woulant yo nan Anyè lekòl segondè nan Vil Nouyòk.

SA POU W KONSIDERE

Pandan Pwosesis Admisyon nan lekòl segondè, n ap rekòmande pou w konsidere bagay sa yo :

- Kalifikasyon : "Kalifikasyon" se premye bagay pou konsidere lè w ap dedide site yon lekòl sou aplikasyon an. Yon elèv kalifye si l satisfè kondisyon lekòl la. Yo site pou chak lekòl kondisyon pou kalifikasyon nan Anyè a sou bò gòch apès sou lekòl la.
- Priyorite : Yo mete elèv angwoup dapre kritè ki gen pou wè ak priyorite yo satisfè. Lè yo fin plase elèv nan premye gwoup priyorite a nan lekòl ki kòrèk pou yo, y ap ofri lekòl ki kòrèk pou elèv nan dezyèm gwoup la, depann kantite plas ki disponib.
- Metòd pou chwazi : Pitit ou a ak oumenm dwe konprann metòd pou chwazi lekòl la. Yo rekòmande site pwogram ki gen divès metòd pou chwazi.
- Sèvis Edikasyon espesyal : Jwenn enfòmasyon osijè sèvis edikasyon espesyal ki disponib nan lekòl la. Ou ka jwenn sa yo nan Anyè lekòl segondè a. Sonje, sepandan, ke lekòl yo mete sou pye nouvo pwogram ak sèvis pou satisfè bezwen elèv chak ane.
- Popilasyon elèv : Konbyen elèv ale lekòl? Konbye elèv ki gen andikap ?

DAT ENPOTAN POU ADMISYON NAN LEKOL SEGONDE

- **3 & 4 oktòb 2009** : Fwa lekòl segondè nan tout vil la
- **24 & 25 oktòb 2009** : Fwa lekòl segondè nan *Borough*
- **7 – 22 novanm 2009** : Dat egzamen SHSAT (al gade nan Anyè lekòl segondè a pou w jwenn detay)
- **4 desanm 2009** : Dat limit pou soumèt Aplikasyon pou Admisyon nan lekòl segondè

LOT RESOUS

- Anyè lekòl segondè leta nan NYC
- Sit wèb ki gen dokiman DOE pibliye : <http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High/Publications>
- Elèv ki gen andikap k ap mande administrasyon lekòl segondè : Kesyon moun poze souvan : <http://schools.nyc.gov/Academics/SpecialEducation/ParentResources>

للحصول على نسخة مترجمة من هذه الوثيقة، المرجو التحدث إلى منسق شؤون الآباء بمدارسك أو زيارة الموقع الإلكتروني أدناه .	이 문서의 번역본이 필요하시면 학부모 코디네이터에게 문의하시거나 아래 웹사이트를 참조하십시오.
এই নথির অনূদিত সংস্করণের জন্য অনুগ্রহ করে আপনার প্যারেন্ট কোঅর্ডিনেটরের সাথে কথা বলুন অথবা নিচের ওয়েবসাইট দেখুন।	За переводом этого документа обратитесь к координатору по работе с родителями или посетите указанный ниже вебсайт.
如要獲得本文件的譯本，請向您子女所在學校的家長專員索取或瀏覽下面的網站。	Si necesita una versión traducida de este documento, por favor hable con su coordinador(a) de padres o visite el sitio Web que le indicamos a continuación.
Pou jwenn yon vèsyon dokiman sa a ki tradui, tanpri pale avèk koòdonatè paran w lan oubyen ale nan sit wèb ki anba a.	اس دستاویز کے ترجمہ شدہ متن کے لیے، براہ کرم اپنے والدین ربط دہندہ سے بات کریں یا ذیل کی ویب سائٹ پر جائیں۔
http://schools.nyc.gov/ChoicesEnrollment/High	